

5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen Sou Diskriminasyon akòz Peyi Orijin

- 1 Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD) entèdi diskriminasyon ak asèlman akòz peyi orijin.** Diskriminasyon ak asèlman konsa ilegal nan espas travay, nan lojman, ak lye ki louvri pou piblik la, menm si ou se yon refijye, yon imigran, oswa ou pa yon sitwayen Etazini. Sa gen ladan tretman ki enjis akòz etnisite, peyi nesans, kilti, oswa lang, oswa ki baze sou kwayans ke yon moun genyen yon peyi orijin patikilye, menm si pèsesyon sa a pa laverite.
- 2 Diskriminasyon oswa asèlman akòz peyi orijin pa ka anpeche w reyisi nan travay.** Anplwayè yo pa ka pran desizyon sou travay (tankou anboche, revoke, ak peye) sou baz peyi orijin, oswa pa rive abòde asèlman ki baze sou peyi orijin. Pa egzanp, anplwayè ou an pa ka revoke w akòz ou te fèt nan peyi Meksik oswa refize rezoud pwoblèm asèlman ki baze sou peyi orijin, ki gen ladan lè kòlèg ou yo itilize ensilt etnik, ke anplwayè ou an konnen oswa li te dwe konnen yo.
- 3 Diskriminasyon oswa asèlman akòz peyi orijin pa ka anpeche w lwe oswa achte yon kay.** Founisè lojman, ki gen ladan mèt kay yo, manadjè pwopriyete, ak ajan imobilye yo, pa ka trete w yon fason diferan oswa refize lwe oswa vann ou pwopriyete akòz peyi orijin ou. Epitou founisè lojman yo dwe rezoud pwoblèm asèlman ki sible w ke lòt lokatè yo fè akòz peyi orijin ou si yo konnen oswa si yo te dwe konnen sa.
- 4 Li ilegal pou fè diskriminasyon oswa asèlman akòz peyi orijin nan lye ki louvri pou piblik la.** Lye ki louvri pou piblik la (tankou sant komèsyal, restoran, magazen, ajans gouvènman yo, ak founisè swen sante yo) pa ka fè diskriminasyon akòz peyi orijin reyèl ou oswa peyi yo panse ou sòti ladan. Pa egzanp, yo pa ka fè w chita deyè yon restoran akòz aparans ou ak aksan w a paske restoran an vle kenbe yon sèten "aparans."
- 5 LAD pwoteje w kont diskriminasyon oswa asèlman akòz peyi orijin ou san konsidere sityasyon imigrasyon w.** Yo pa ka fè diskriminasyon oswa asèlman kont ou akòz peyi orijin ou oswa afilyasyon w nan yon gwoup etnik, menm si ou se yon refijye, yon imigran, oswa ou pa yon sitwayen Etazini. Pa egzanp, yon lopital pa ka refize tretman medikal selon peyi ou te fèt ladan an oswa kwayans ki lye ke ou se yon imigran ki fèk rive Ozetazini.

Pèsòn pa ka fè zak reprezay kont ou paske w te deklare vyolasyon LAD yo, paske w te fè yon plent pou diskriminasyon, oswa paske w te egzèsè lòt dwa selon LAD a.

Pou konnen plis, oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele 1-833-NJDCR4U (1-833-653-2748). DCR aplike LAD a, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan New Jersey san konsidere sityasyon imigrasyon yo. Pou aprann plis, klike sou [isit la](#).

Pou konnen plis oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **1.833.NJDCR4U**



Biwo Avoka Jeneral NJ

NJCivilRights.gov



@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

